QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«25» ноябрь 2021-y. № 01-01/4-679 «____»-____________ 2021-j.

**Нөкис қаласы 37-санлы улыўма орта билим бериў мектеби оқытыўшылары А.Бердимуратова ҳ.т. басқаларға**

**Көширмеси**

**Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына**

Нөкис қаласы 37-санлы кәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби хызметкерлериниң Өзбекстан Республикасы Президентиниң Халық Қабылаўханасына, Қарақалпақстан Республикасы Жоқары Кеңесине, Мәмлекетлик кәўипсизлик хызметиниң Қарақалпақстан Республикасы басқармасына жазған арзасында «Нөкис қаласы халық билимлендириў бөлими баслығы П.Акназаровтың ис ҳәрекетлеринен наразымыз» деген мәнисте жазған арзаңыз үйренип шығылып, төмендегилерди мәлим етеди.

Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби директорының оқыў ислери бойынша орынбасары П.Хожанов 2021-жыл 2-июнь күни мезгилсиз қайтыс болған.

(Хызметкердиң кайтыс болғанлығы ҳаққында гүўалығы қосымша етиледи.)

Бирақ П.Хожановтың 2-июнь күни қайтыс болыўына қарамастан, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлиминиң 2021-жыл 3-август күнги 31-санлы буйрығы қабыл етилип, буйрықта тәреплердиң келисими менен мийнет шәртнамасы бийкар етилсин деп надурыс рәсмийлестирилип, Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң тийисли статьялары буйрықта келтирип өтилмеген.

П.Хожановқа екинши мәртебе 2021-жыл 3-ноябрь күни 55-санлы буйрығы менен мийнет шәртамасы тәреплердиң келисими менен бийкар етилсин деп рәсмийлестирилген. Буйрыққа тийкар етип Нөкис қалалық пуқаралық ҳалатын актлестирип жазыў бөлиминиң бөлиминиң 2021-жыл

4-июнь күнги III-QQ№0015622-санлы гуўалығы делинген. (Буйрық қайтыс болған хызметкерге 2 мәртебе шығарылған ҳәм де Өзбекстан Республикасы Мийнет кодексиниң тийисли статьялары қолланылмаған.)

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы 20-санлы буйрығында жумыс бериўши тәрепинен тийисли лаўазымда ислеп атырған хызметкер босағаннан соң **үш күн мүддет ишинде** ваканциялар ҳаққында **ish.uzedu.uz** сайты арқалы (зәрүрликтен келип шығып күнделикли баспаларда, аймақлық бөлимлердиң веб-сайты ҳәм социаллық тармақлардағы дағаза бетлеринде) жумыс бериўши тәрепинен яки усы жөнелис бойынша жуўапкер етип белгиленген хызметкер дағаза бериледи деп көрсетилген.

Бирақ, Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими тәрепинен 2021-жыл 21-август (кешиктирилип) күни **ish.uzedu.uz** сайты арқалы бос жумыс орны бар екенлиги хаққында дағаза берилген.

Нөкис қаласы 37-санлы кәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеп директорының оқыў ислери бойынша орынбасары лаўазымына **ish.uzedu.uz** сайтына жәми болып 13 талабан ҳүжжет тапсырған.

(И.Есбосинов, Р.Бегжанов, О.Хожанов, М.Абдикаликова, С.Узаков, Ш.Ембергенова, Т.Сайжанов, В.Сабирова, Ш.Калилаев, Р.Курбаниязова, Е.Алланиязов, М.Ербаев, Ш.Бийимбетов).

Нөкис қаласы халық билимлендириў бөлиминде 2021-жыл 28-сентябрь күни сәўбет өткерилип, усы лаўазымға талабанлардың ишинен ылайық кандидатура табылмаған. Бирақ ылайық кандидатура табылмағанлығын тастыйықлаўшы ҳүжжет рәсмийлестирилмеген.

2021-жыл 12-октябрь күни Нөкис қаласы 37-санлы кәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби директорының оқыў ислери бойынша орынбасары лаўазымына **ish.uzedu.uz** сайты арқалы бос жумыс бар екенлиги хаққында екинши мәртебе дағаза берилген. Буған жәми болып 9 талабан ҳүжжетлерин тапсырған.

2021-жыл 22-октябрь күни жеке ҳүжжетлерин үйрениў бойынша сәўбет өткерилгенде, болып өткен сәўбетке 9 хызметкерден, 2 хызметкер Э.Утегенова ҳәм С.Узаковлар қатнасқан. Қалған 7 талабанның не себептен таңлаўдың кейинги басқышы яғный сәўбетлесиў басқышында қатнаспағанлығы ҳаққында мағлыўматлар рәсмийлестирилмеген.

Сәўбетлесиў даўамында Э.Утегенованы 3 сораўға толық жуўап берди деп сәўбетлесиў қағазына жазылған. Бирақ сәўбетлесиў қағазына комиссия баслығы П.Акназаров ҳәм комиссия ағзасы Г.Гулмановлар тәрепинен қол қойылмаған.

Усы таңлаў комиссиясының жуўмағы бойынша баянлама дүзилмеген ҳәм рәсмийлестирилмеген. Таңлаў жуўмағы нызам талаплары тийкарында алып барылмаған.

2021-жыл 26-октябрь күнги 45-санлы буйрығы менен Утегенова Элиза Зарипбаевнаға 1 штат бирлигинде 2021-жыл 22-октябрь сәнесинен баслап директор орынбасары лаўазымына тайынлансын деп буйрық қабыл етилген.

Тийкары; таңлаў комиссиясының жуўмағы, мийнет шәртнамасы деп көрсетилген. (Таңлаў комиссиясының жуўмағы, сәўбетлесиў қағазында комиссия баслығының қолы таңбасы қойылмаған болсада алдыңғы сәне менен буйрық таярланған).

Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби директоры М.Досназаровтың түсиник хатында Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби директорының оқыў ислери бойынша орынбасары Г.Утегенованың 4-ноябрьден усы күнге шекем себепсиз жумысқа келмегенлиги көрсетилген ҳәм бул бойынша мектеп директоры тәрепинен Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлимине бир неше мәртебе жазба түрде мүрәжат етилген.

Жоқарғыдағыларды есапқа алып, Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби директорының оқыў ислери бойынша орынбасары Г.Утегенова менен дүзилген мийнет шәртнамасын мийнет нызамшылығына тийкар тийисли тәртипде бийкар етиў усыныс етилди.

Егерде, министрликтиң Сизге берген жуўап хатынан қанаатланбаған жағдайда жоқары турыўшы шөлкемлерге мүрәжат етиў ҳуқықыңыз бар екенлиги түсиндириледи.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған С.Жуманиязов
Телефон: 61-222-24-66

# АКТ

**Нөкис қаласы** «29» Ноябрь 2021 жыл

**Дүзилди усы акт төмендеги хызметкерлердиң қатнасында:**

1. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими баслығы С.Жуманиязов

(фамилияси, исми ва шарифи)

2. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими бас қәнигеси Ж.Алламбергенов

(фамилияси, исми ва шарифи)

3. ҚР Халық билимлендириў министрлиги Кадрлар бөлими жетекши қәнигеси Х.Абдижаббаров

(фамилияси, исми ва шарифи)

4. ______________________________

(фамилияси, исми ва шарифи)

5. ______________________________

(фамилияси, исми ва шарифи)

**Акт мазмуны төмендегише:**

Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектеби оқытыўшылары А.Бердимуратова ҳ.т. басқалардың Өзбекстан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы Халық қабыллаўханасына еткен мүрәжаты тийисли тәртипте үйренип шығылып, нәтийжеси ҳаққында мүрәжат ийелерине министрликтиң 2021-жыл 25-ноябрьдеги 01-01/4-679-санлы хаты менен жазба түрде жуўап берилди.

Усы жуўап хаты мүрәжат ийелерине яғный Нөкис қаласы 37-санлы қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мектебине почта арқалы жиберилди.

Усы акттиң дурыслығына қол қойыўшылар.

1. С.Жуманиязов (имзо) ______
2. Ж.Алламбергенов (имзо) ______
3. Х.Абдижаббаров (имзо) ______
4. ______________________ (имзо) ______
5. ______________________ (имзо) ______

3-sh.

"O`zbekiston pochtasi" aksiyadorlik jamiyati

3/7047 -son KVITANSIYA

(kvitansiya yoki shtrixli pochta identifikatori raqami)

buyurtma 3/2 __________ qabul qilishda

(jo`natma turi) (alohida belgisi)

Qayerga А Бердимуратова

Kimga Нөкис 37-мектеп

Og`irlik ________ g.

Jo`natish uchun to`lov ________ so`m ________ tiyin

Qabul qildi ____________

(imzo)